# QARAQALPAQ DIRIJYORLARÍNA BAYRAM OTARBAEVTÍŃ QOSQAN ÚLESI

**Kamalova Gúlmaryam Maksetdullaevna**
Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis Filialı
"Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler" kafedrası oqıtıwshısı
**Abdikarimova Indira Toxtarbay qızı**
Muzıkatanıw qánigeligi bakalavr bağdarınıń 3-kurs studenti.

**Annotaciya:** Bul maqalada xor tarawında kóp jıldan berli, miynet islep balalarğa bilim berip kiyatırğan Bayram Otarbaevtıń jaqınları hám ómiri,miynet keshirmeleri hám ilimiy jumısları haqqında aytıp ótilgen.

**Gilt sózler**: Muzıka mádeniyatı, qaraqalpaq, xor, kórkem óner, ádebiyat,.

**Аннотация**: В статье рассказывается о жизни, увлечениях и научных достижениях близких Байрам Отарбаев, много лет занимавшейся воспитанием детей в хоре.

**Ключевые слова**: Музыка , каракалпак, хор, художественное искусство, литература.

**Annotation**: In this article, we talk about the lives, entertainments and scientific achievements of the relatives of Bayram Otarbaev, who has been teaching children for many years in the choral department.

**Key words:** music medium, karakalpak, choir, art, and literature.

Qaraqalpaq muzıka mádeniyatına kóp jıllar dawamında óziniń miyneti menen sharshamay xızmet etip kiyatırğan Bayram Otarbay haqqında sóz etemiz. Otarbaev Bayrambay Uzaqbaevich 1968-jılı 3-may Kegeyli rayonında oqıtıwshılar shańarağında dúnyağa kelgen. Ákesi Otarbaev Uzaqbay Izimbetovich Kegeyli rayonı Xalqabattağı Basar awılında tuwılıp ósip keyin ala dayılarınıń awılına kóship kelgen. Anası Aydangul 10 perzentti dúnyağa keltirip, tárbiyalap kamalğa keltirgen. Bul baxıtlı shańaraqta ónip-ósken perzentleri tek ğana awıl aymaqtıń maqtanıshı bolıp qalmastan elimizdiń kózge

kórnekli azamatları joqarı maǵlıwmat hár biri kásip iyeleri bolıp jetilisti. Ákesiniń qatallıǵınanba barlıǵı da mektepte jaqsı oqıwǵa, aldaǵı úlgili bolıp jetisiwine ata-anasınıń salmaqlı miynetleri bar. Ákesiniń ózide qıyınshılıq dáwirge qaramastan joqarı maglıwmatlı bolıwǵa erisken. Nókis mámleketlik pedagogika institutınıń, ximiya-biologiya fakultetin pitkerip shıǵıp, awılındaǵı mektepte oqıtıwshı, keyin ala mektep direktor lawazımında islegen hám usı lawazımda ómiri aqırına shekem dawam etip kelgen. Al mádeniyat tarawında miynet etip kelgen mádeniyat tarawınıń pidayıları baxıtlı tórt perzenttiń atası «Shuxrat» medalı iyesi, Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen kórkem óner ǵayretkeri Otarbaev Azatbay Uzaqbaevich hám onıń ómirlik joldası Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist jeńgemiz Rametova Gulbáhár Kóptilewovna bolıp tabıladı. Ósip kiyatırǵan jas áwlatdın ásirler boyı saqlanıp kiyatırǵan eski milliy muzika saz ásbaplarınıń soǵılıw texnikası, shertiliwin biliwge qızıǵıwshılıǵı artıp Azatbay Otarbaev sázende, usta hám ustaz ataǵına iye boldı. Keyingi waqıtları umıtılıp baratırǵan qaraqalpaq xalıq saz áspabların úyrenip, qayta tikleniwge dıqqat awdarılıp atırǵanlıǵı quwandıradı.

Óziniń ata kásibin quwdalap balası Daniyar, Axmed ákesinen úyrengen ustashılıq sırların hámde inisi Arıslanbay, Nawrızbay Arıslanbaydıń balası Baxram, Rasul aǵasınan úyrengen ustashılıq kásibin, yaǵnıy milliy saz áspabların soǵıwdı dawam etip kelmekte. Shańaraq ansamblin dúziwge anıq múmkinshilik bar ekenligin bilip A.Otarbaev óz shańaraǵınan ansambl dúzedi. Sebebi, onıń ómirlik joldası Gulbaxar Rámetova «Muxalles» duwtarshılar ansamblinde qosıqshı hám sazende bolsa, qızı Nargiza J.Shamuratov atındaǵı kórkem óner kolledjiniń folklor bóliminde duwtar saz áspabı boyınsha oqıp pitkergen. Al Daniyar Qaraqalpaq Mámleketlik Universitetiniń dene tárbiyası hám muzıka fakultetinde oqıydı. Inisi melodist kompozitor, Bayram Otarbaev kolledjdiń xalıq sazları bóliminde oqıtıwshı bolsa, awıldaǵı inisiniń qızı Dilfuza hám balası Dawletyar xoreografiya bólimin, óziniń inisi Nawrız, Berdaqlar bolsa xalıq sazlar bólimin, kelinleri Qurbangúl Mámbetmuratova hám Marina Joldasbaeva qosıq bólimlerin pitkerip shıqqan. Qullası bulardıń bári jámlense, haqıyqıy ansambl bolar eken biler edi.

1974 jılı Kegeyli rayonlıq Á.Shamuratov atındaǵı orta mektepke 1-klassqa qádem tasladı. Mektepte oqıp júrip úlken jigit ajaǵasınıń saz áspab shertetuǵın edi sonı kórip olda qızıǵıp qashqar rubabın alıp shertip úyrene basladı hám sol mektepte oqıp júrgenimizde mektepler arasında kórik tańlawlar bolatuǵın edi, sol tańlawlarǵa onıń qasımda dáp saz áspabın Mámbetniyazov Aydar degen klasslas dostınan birge shertip qatnasıp júrdi. Usı saz áspabtı shertkenin ata-anası kórip onı Kegeyli rayonlıq balalar muzıka mektebine qaraqalpaq milliy saz áspabı bolǵan ala moynaq duwtar áspabına ustazı Jalǵas Esbolǵanovqa shákirt etip tapsırdı. Bul muzıka mektebinde ala moynaq duwtar saz áspabın jaqsı úyrengeni ushın qalalıq, respublikalıq jarıslarǵa qatnasıp belgili orınlardı alıwǵa miyasar boldı. 1982-jılı Tashkent qalasında ótkerilgen «Sanaat bayramı» kórik tańlawına qatnasıp respublika kóleminde 1-orındı alıwǵa miyasar boldı. 1982-jılı usı mektepti tabıslı tamamlap Nókis qalasındaǵı J.Shamuratov atındaǵı kórkem óner bilim jurtına «Xalıq sazları» bólimine oqıwǵa kiredi. Bul jerde men ustazı A.Koshımbetovtan nay saz áspabı sırların úyrenedi, jáne de men dirijyorlıq páninen Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Respublikasına xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri Abdireym Sultanovtan sabaq aladı. Usı bilim jurtında oqıp júrip xalıq saz áspabları boyınsha (nay) Respublikalıq kórik tańlawlarǵa qatnastı. 1986-jılı usı bilim jurtın tabıslı tamamlap M.Ashrafiy atındaǵı Tashkent Mámleketlik Konservatoriyasına «Xalıq sazları» kafedrasına oqıwǵa túsedi. Konservatoriyanıń 1-kursın juwmaqlap bolǵannan keyin 1987-1989-jılları aralıǵında áskeriy xızmette boldadı. Keyin Konservatoriyada professor M.Toyrovtan qánigelik boyınsha nay saz áspabınıń shertiliw usılların úyrenip, oqıw jurtın tabıslı tamamlap 1993-jıldan baslap Nókis mámleketlik kórkem óner bilim jurtında oqıtıwshılıq miynet jolın baslaydı. Bul jerde ustazlıq etiw menen birge shákirtler tayarlap olardan Respublikalıq kórik tańlawınıń jeńimpazı Batır Dosımbetov házirgi waqıtta Tashkent Mámleketlik Konservatoriyasında oqıtıwshılıq kásbin dawam ettirmekte.

Sonıń menen bir qatar Qaraqalpaqstan teleradio janındaǵı xalıq sazları orkestr dirijyorı keyin ala kórkemlik jaqtan basshı lawazımında isleydi. Kóplegen koncert baǵdarlamalarına qatnasıp 2002-jılı Qaraqalpaqstan teleradiokomponiyası janındaǵı

«Muxalles» duwtarshılar ansambline 25-jıl tolıw múnásebeti menen Respublikalıq kóleminde ótkerilgen ilajlardı alıp barıwǵa basshılıq etedi. Usı dóretiwshilik jámáát penen islesip júrip xalıq sazları orkestri ushın bir qansha shıǵarmalar, jeke qosıqlar hámde balalar ushın qosıqlar dóretedi.

Orkestr ushın «Esleymen seni» qosıǵın, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist Roza Qutekeeva atqardı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist Eliza Aytniyazovalar menen birgelikte, ǵárezsizlik bayramlarında ózimniń dóretken shıǵarmaları menen atqaradı.

2003-2005 jıllar aralıǵı – Nókis Mádeniyat hám kórkem óner kolledji oqıw isleri boyınsha direktor orınbasarı,2005-2008 jılları Nókis Mádeniyat hám kórkem óner kolledji oqıtıwshısı. 2008-2014 jılları Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı oqıw isleri boyınsha direktor orınbasarı lawazımında isleydi. Usı islegen wakıtları shet el hám Respublika jurnallarında bir qansha ilimiy maqalalar hám konferenciyalarǵa qatnasadı. F.Boynazarotıń «Jahon adabiyoti», A.Petrosovanın «Ritmika», X.Muxammattın «Scenariynaviystlik maxorati» oqıwlıq qollanbaların qaraqalpaq tiline awdarıwda juwaplı redaktorı hám 2010-jılı Qaraqalpaq muzıkalı spektakllerinen dúzilgen «Ariyalar» atlı oqıw qollanba baspadan basılıp shıqtı. Usı miynetlerimdi esapqa alıp Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginin «Húrmet jarlıgı» hámde Xalıqaralıq DOCENT ilimiy ataǵın alıwǵa miyasar boladı.

2011 jılı Ózbekstan Respublikası Ǵarezsizliginiń jigirma jıllıǵı múnasebeti menen kókrek nıshanı menen sıylıqlanadı. 2014-2015 jılları Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı «Rejissyorlıq hám aktyorlıq» kafedrası baslıǵı lawazımında isleydi.

2015-jıldan baslap Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik Akademiyalıq muzıkalı teatrı simfoniyalıq orkestri dirijyorı lawazımında islep kiyatır. Bir qansha opera, balet, muzikalı spektakllerge dirijyorlıq etedi. 2007-jılı Ashxabadta ótkerilgen milliy folklor hám teatr óneriniń xalıqaralıq festivalına qatnasıp qaytadı. Túrkmenstan Respublikasında simfoniyalıq orkestr menen nay saz áspabında «Házil» namasın atqarıp

shıqtı. 2018-jıl Kórkem óner tarawında pidayı xızmet etip, Respublikamızda ótkeriletuǵın barlıq mádeniy bayram saltanatlı keshelerinde belsene qatnasqanı ushın Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrliginiń «Húrmet jarlıǵı», 2002 jılı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń «Húrmet jarlıǵı» menen sıylıqlanadı.